



Department
of Health

Èd pou Timoun Piti

fè yon diferans!



Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a (Early Intervention Program)

Se ou ki konn pitit ou a pi byen. Èske w gen enkyetid sou fason tibebe w la oswa timoun piti w la jwe, aprann, pale, aji oswa bouje? Jwenn èd pou timoun piti fè yon diferans! Refere pitit ou a bay Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti nan Eta New York la.

Ki Èd ki Disponib?

Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti nan Eta New York la bay sèvis pou tibebe ak timoun piti ki elijib ki gen mwens ke laj twa lane ki pa devlope menm jan ak lòt timoun yo. Ou ka refere pitit ou a pou yon evalyasyon. Si pitit ou a kalifye pou sèvis yo, pwogram lokal ou a pral ede w jwenn yo. Li gratis pou fanmi yo.

Sèvis yo ka enkli:

- Terapi langaj-lapawòl, fizik ak okipasyonèl
- Enstriksyon espesyal
- Sèvis odyoloji (odisyon) ak vizyon
- Sipò famiyal (travay, gwoup, fòmasyon sosyal)

Ki Timoun Ki Bezwen Èd pou Timoun Piti?

Tout timoun ki gen mwens ke laj twa lane ki ka p ap devlope menm jan ak lòt timoun yo akòz reta devlopman oswa yon andikap kabap bezwen èd.

Pitit ou a ka kalifye pou entèvansyon pou timoun piti si li gen youn nan pwoblèm sa yo:

Reta Devlopmanal:

Yon reta devlopmanal vle di ke yon timoun an reta nan kèk domèn devlopman, tankou kwasans, aprantisaj, fason l panse oswa kominikasyon.

Andikap:

Yon andikap vle di ke yon timoun gen yon dyagnostik pou yon maladi fizik oswa mantal ki afekte devlopman l.

Yo ka bay sèvis Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti nan Eta New York yo adomisil, nan gadri oswa nenpòt kote pitit ou a pase jounen l.

Sa a pral ede ni ou menm ni fanmi w:

- Sipòte ak ankouraje kwasans pitit ou a
- Entegre pitit ou a nan aktivite famiyal ak kominotè yo

Konsilte “**Lis Verifikasyon pou Timoun k ap Grandi**” a pou jwenn siy ki montre ke tibebe w la oswa timoun pitit w la bezwen èd siplmantè. Si w gen enkyetid konsènan devlopman tibebe w la, tank ou jwenn èd pi bonè se tank li pi bon!

Lis Verifikasyon pou Timoun k ap Grandi

Etap devlopman yo se bagay pifò timoun yo kapab fè lè yo nan yon sèten laj. Sa yo se sa pifò timoun fè selon laj sa a:

Etap nan Laj 2 mwa

- Li kalme lè w pale ak li oswa lè w leve l
- Li gade vizaj ou
- Li souri lè w pale avè l oswa lè w souri ba li
- Li fè lòt son ki diferan ak kriye
- Li reyaji fas ak son ki fò
- Li gade w pandan w ap bouje
- Li gade yon jwèt pandan plizyè segonn
- Li kenbe tèt li anlè pandan li kouche sou vant
- Li bouje ni men l ni pye l ansanm
- Li ouvri ak fèmen men l

Etap nan Laj 4 mwa

- Li ri (ki pa yon ri konplè) lè w eseye fè l ri
- Li gade w, li bouje oswa li fè bwi pou li kapte oswa kenbe atansyon w sou li
- Li emèt son tankou “oooo” ak “aahh” (woukoulman)
- Li vire tèt li lè l tande son vwa w
- Li fè bwi grensman
- Si li grangou, li ouvri bouch li lè li wè tete oswa bibwon
- Li gade men li ak enterè
- Li woule soti sou vant ale sou do
- Li kenbe tèt li dwat san sipò lè w kenbe l
- Li kenbe yon jwèt lè ou mete l nan men l

Etap nan Laj 6 mwa

- Li rekonèt moun ki familye yo
- Li renmen gade tèt li nan miwa
- Li vire nan direksyon sous son ki nòmal yo
- Li soufle “siflèt” (li tire lang li deyò epi li soufle)
- Li kopye son ke w fè
- Li frape ti objè sou yon sifas
- Li rive pran yon jwèt lè li vle
- Li fèmen bouch li pou l montre ke l pa vle manje ankò
- Li woule soti sou do ale sou vant
- Li leve chita byen rapid san sipò
- Li ranmase ti objè piti ak tout men l
- Li pase yon jwèt soti nan yon men ale nan yon lòt

Etap nan Laj 9 mwa

- Li montre plizyè ekspresyon fasyal tankou kontan, tris, fache ak etone
- Li reyaji lè w deplase (li gade, li vin jwenn ou oswa li kriye)
- Li gade lè w site non l
- Li gade lè li tande bagay tankou, “Kote ti lenn ou an?”
- Li emèt diferan son tankou “mamamama” ak “bababababa”
- Li chèche objè yo lè li pa wè yo (tankou kiyè l oswa jwèt li)
- Li jwe jwèt kachkach ak lago kache
- Li ranpe sou men l ak jenou l
- Li chita san sipò
- Li fè tranzisyon ant chita ak kanpe
- Li fè ekspresè lage objè yo atè
- Li itilize dwèt li pou li “rale” manje vin jwenn li

Etap nan Laj 12 mwa

- Li konprann “non” (li fè yon poz byen rapid oswa li sispann lè w di l li)
- Li souke men l pou l fè babay
- Li suiv enstriksyon ki fèt ak jès, tankou lè w fè yon jès epi w di, “Ban m (objè)”
- Li site non paran l “manman” oswa “papa” oswa lòt non espesyal
- Li mete bagay nan yon resipyan, tankou yon blòk nan yon goblè
- Li chèche bagay ke l wè ou sere, tankou yon jwèt ke w mete anba yon ti lenn
- Li kanpe san sipò
- Li mache, li kenbe mèb yo (navige)
- Li ranmase manje epi li manje
- Li ranmase ti objè piti ak endèks epi pou li

Etap nan Laj 15 mwa

- Li kopye sa lòt timoun ap fè pandan l ap jwe, tankou retire jwèt yo nan yon resipyan lè lòt timoun fè sa
- Li bwè nan yon goblè san bouchon e ka devèsè l dèfwà
- Li montre w siy afeksyon (li ba w kalen, karès oswa li bo w)
- Li lonje dwèt pou li mande yon bagay oswa pou li jwenn èd
- Li itilize 3 mo ki diferan ak non moun
- Li eseye itilize bagay yo nan yon bon fason, tankou yon telefòn, yon goblè oswa yon liv
- Li gade lè w di bagay tankou, “Kote balon w lan?” oswa “Kote ti lenn ou an?”
- Li ranpe pou monte eskalye
- Li akwoupi pou l ranmase objè
- Li itilize dwèt li pou li manje kèk aliman

Etap nan Laj 18 mwa

- Li deplase kite w, men li gade pou li asire l ke w pa lwen
- Li lonje dwèt pou li montre w yon bagay ki enteresan
- Li ede w abiye l, lè li pase bra li nan manch yo oswa lè li leve pye l
- Li ka idantifye 2 pati nan kò
- Li ka site non omwen 5 objè ki familye
- Li imite w k ap fè menaj, tankou lè w ap pase bale
- Li jwe ak jwèt yo nan yon fason ki senp, tankou pouse yon jwèt machin
- Li ka lanse yon ti balon pandan li kanpe
- Li monte eskalye ak 2 pye l pa mach pandan w kenbe men l
- Li mache pa bak
- Li eseye itilize kiyè
- Li fè madjigidji
- Li suiv enstriksyon ki gen yon sèl etap san w pa fè jès, tankou li lonje jwèt la ba ou lè w di “Ban mwen l”

Etap nan Laj 24 mwa

- Li remake lè lòt moun deranje oswa kontrarye, tankou li pran poz nan sa l ap fè oswa li bay yon rega tris lè yon moun ap kriye
- Li gade vizaj ou pou li wè kijan pou li reyaji fas ak yon nouvo sityasyon
- Li jwe akote lòt timoun
- Li di omwen de mo ansanm, tankou “Plis lèt.”
- Li eseye itilize entèriptè, manèt oswa bouton ki sou yon jwèt
- Li jwe ak plis pase yon sèl jwèt nan menm moman, tankou mete jwèt manje nan yon jwèt asyèt (li konbine jwèt yo nan amizman an)
- Li kouri
- Li mache (pa grenpe) monte kèk mach eskalye avèk oswa san èd
- Li choute yon balon
- Li manje ak yon kiyè

Etap nan Laj 30 mwa

- Li itilize bagay pou li fè kòmsi, tankou bay yon poupe manje yon blòk kòmsi se te yon aliman
- Li retire kèk rad sou li poukont li, tankou pantalon ki lach sou li oswa yon djakèt ki louvri sou li
- Li site non bagay li wè nan yon liv lè w montre l yo epi l mande, “Kisa sa ye?”
- Li di de oswa plizyè mo ansanm, avèk yon mo aksyon tankou “Chyen kouri”
- Li montre ke li konnen omwen yon koulè, tankou li montre yon kreyon wouj lè w mande “Kiyès nan yo ki wouj?”
- Li demontre konpetans senp pou rezoud pwoblèm, tankou kanpe sou yon ti tabourè pou li atenn yon bagay
- Li suiv enstriksyon ki gen de etap tankou “Depoze jwèt la epi fèmen pòt la.”
- Li kouri byen san li pa tonbe
- Li monte mach ak yon pye, youn apre lòt
- Li itilize men l pou li vire objè yo, tankou vire manch pòt oswa devise kouvèti
- Li manje ak yon fouchèt
- Li trape yon kreyon ak pous li epi lòt dwèt yo olye ponyèt li
- Li di apeprè 50 mo

Si timoun ou an gen pwoblèm pou li fè kèk nan bagay sa yo, pale ak yon moun ka rasire w.
Èd pou timoun piti fè yon diferans!
Pale ak doktè w la epi rele **Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti** ki nan zòn ou an.

Kontni alekri ki nan grafik sa a te adapte apati resous sa yo:

1. The Centers for Disease Control and Prevention. (2023, June 6). CDC's developmental milestones. Yo te pran l 6 novanm 2023 nan <https://www.cdc.gov/ncbddd/actearly/milestones/index.html>
2. Hagan JF, Shaw JS, Duncan PM, eds. Bright Futures: Guidelines for Health Supervision of Infants, Children, and Adolescents [pocket guide]. 4th ed. Elk Grove Village, IL: American Academy of Pediatrics; 2017

Ki Kote Paran Ka Jwenn Èd?

Kontakte Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti ki nan konte kote w ap viv la pou mande èd pou pitit ou a. health.ny.gov/EICounty

Rele Liy Dirèk Eta New York Grandi Ansante (Growing Up Healthy) ki disponib 24 sou 24 la nan 1-800-522-5006 pou jwenn nimewo telefòn Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti ki nan konte w la. Nan Vil New York, rele 311.

Jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti nan Eta New York la lè w vizite sitwèb nou an nan: health.ny.gov/EIFamilies

Imèl: beipub@health.ny.gov

Telefòn: 518-473-7016



**Department
of Health**